



## N ap lanse yon nouvo vèsyon nan NYC Housing Connect!

Nou te pran fidbak ou yo epi ou te kreye yon nouvo vèsyon an NYC Housing Connect pou fè pwosesis aplikasyon pou lojman abòdab la pi fasil toujou.

Nouvo sèvis nan sitwèb la gen ladan:

- Plis opòtinite nan lojman abòdab
- Filtè rechèch ou kapab pèsonalize
- Pwosesis aplikasyon amelyore
- Pwosesis seleksyon senp
- Fasil pou itilize nan telefòn

Apati jiyè 2020, nou pral mete tout nouvo opòtinite nan lojman abòdab sou nouvo sitwèb NYC Housing Connect la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan [nyc.gov/housingconnect](http://nyc.gov/housingconnect).

### Kisa NYC Housing Connect ye?

NYC Housing Connect se sitwèb pou rezidan New York yo ka jwenn epi aplike pou opòtinite nan lojman abòdab nan tout senk (5) minisipalite Vil New York yo.

### Kisa lojman abòdab ye epi ki moun ki kalifye?

Yo konsidere yon lojman abòdab si li koute apeprè yon tyè (1/3) oswa mwens revni fanmi an.

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development, HPD) ak Sosyete Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation, HDC) bay opòtinite nan lojman pou anpil fanmi selon nivo revni yo ak kantite moun ki nan fanmi an. Fanmi ou ka kalifye selon revni ou ak kantite moun ki nan fanmi ou. Si ou gen yon ti kras revni oswa okenn revni, ou ka kalifye si ou gen yon bon ki ka garanti lwaye ou.

Si ou gen yon andikap, ou se yon moun aje, oswa w ap viv nan yon minisipalite oswa komisyon kominotè kote ki gen nan lojman abòdab, ou ka gen priyorite pou kèk apatman abòdab.